ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№55 (22.213) • 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygeyale.ru

ФIыщIэ къыхуащI

●Дыгъуасэ

Дыгъуасэ Налшык щекIуэкIащ УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Беглов Александр, Урысей Федерацэм и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Олейников Юрий, КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, республикэм и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иван, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и министрхэр, кьалэхэм, куейхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта зэIущIэ.

БЕГЛОВ Александр къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм республикэм и экономикэм хъарзынэу зэрызиужьыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къехъулIащ нобэ игъэзэщIэн хуей кьалэнхэм я нэхъыщхьэр - дотацэ мылькуу кьыIэрыхьэр игъэмэщIэным. Икли ар зригъэхъулIэным и экономикэр зэран хуигъэхъуакъым. Пэжщ, дотацэр гъэмэщIэным фейдэ хэмылъыдыкIэ хъунущ, экономикэр нэхъ хэкъуэхуэгъэлэжьэн хуейщи, ауэ республикэм и унафэщIхэм дотацэр Iуэхум хахыу, щIналъэм и щхьэхуэпIыжьын хуэдэу Iуэхум зэтраублану зэрамурадыр нэрылъагъущ, - жIащ абы.

Беглов Александр КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен иритыжащ Урысей Федерацэм и Президентым къыхуигъэфэща ФIыщIэ тхылъымрэ Iэпщэ сыхьэтымрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Мэзкуу кьикIа хьащIэм зэрыжиIамкIэ, УФ-м и Президентым Кьанокъуэ Арсен фIыщIэ къыхуещI республикэм и экономикэм зэпIэзэрыту зэрызиужьым папщIэ.

КъищынэмыщIауэ, гъатхэпэм и 4-м екIуэкIа хэхыныгъэхэр тэмэму Кьэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэгъэпэща зэрыхъуам папщIэ КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ къыхуещI УФ-м и Президенту хаха, нахьыгъэм я къулыкъум пэрыувэну, нобэ Правительствэм и УнафэщIу лажьэ Путин Владимири.

ГЪУЩIО Зариф.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

Къэщlэрэщlэжыныгъэм и махуэ

Вэсэмахуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпIащ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр.

ПШЭДДЖЫЖЬМ сыхьэт 11-м ирихьэлIэу цIыхухэр щызэхуэсу щIадзат Налшык кьалэм дэт «Политикэ залымыгъэм зи гъащIэр ихьахэм (1944 - 1957 гъэхэм) я мемориал» къэралIуэхущIапIэм деж. КъэщIэрэщIэжныгъэм и махуэм теухуа зэхуэсыр музей-унэм и етIуанэ кьатым кьыщызэIуахащ.

Мемориалым и унафэщI Темموевэ Фаризэт къызэхуэсахэр кьыхуриджащ лъэпкъым зыкъыIэтыжныжмкIэ къэралым зэфIигъэкIахэм гульытэ хуащIыну, езыхэри зыужьныгъэм нэхъри хущIэкъуну.

Абы иужькIэ псори щIыхьащ хьэрычэтыщIэ икIи сурэтыщI Iэзэ Канаматовэ Лейлэ езым и Iэдакъэщ Iэкъэр щигъэлъагъуэ икIи щиущэ пэщым. Бзылъхугъэм и дэтхэнэ лэжьыгъэри удэзыхьэхт, зэрыщIа Iэмалхэмкли зэмыщхьт, цIыхум и псэм зиужьныжмкIэ гъуазджэм къарууэ иIэм уезыгъэгупсыст.

ЩIалэгъуалэм мемориалым и гупэм кьит утым дкэгу щаублащ. Абы и ужькIэ фашэ дахэкIэ зэщыхэпыкIа шухэр кьежьэри, кьалащхьэм и уэрамхэм ирикIуащ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Канаматовэ Лейлэ.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Вокзалхэм я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и унафэщI Чеченов Ануар.

«ЦIыхУХЭМ еэзгърабгъуу юридическэ дэIепыкъуныгъэ кьахуэзгъэпэщыныкьмрэ КъБР-м ухэмылIэ щылэжьэныкIэ защIэгъэкъуэныкьмрэ я лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхуфа» КъБР-м и законым зэхъуэжкIыныгъэхэр хэлъхьэныж Законопроектыр зэIущIэм кьрихьэлIахэм я пащхьэ кьрилъхьащ Законым тетыныжмкIэ, хабзэр хьумэныжмкIэ, жылагъуэ щынагъуэнщагъэр кьыдэгъэпэщыныжмкIэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэ **Шумахуэ Арсен**. Мы документым еубзыху Iуэхутхьэбзэхэм трагъэкIуадэр зэрыхуапшынкьж щIыкIэр, ухылхэм нэхъ мащIэ дыдэу кьалэжьыр зыхуэдизыр, апхуэдэу юридическэ Iуэхутхьэбзэхэр пщIэншэу хуэзфIагъэкIын папщIэ цIыхухэм кьабгъэдэкI лъэIу тхылъхэм я формэр.

ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI **Мэремыкьуэ Сэфарбий** тепсэлъыхьащ кьалэ щIыбхэм, муниципалитетхэм кьрихубыдэу, апхуэдэу щIналъэ зэхуакухэм цIыхухэр кьыщесэшэжкI транспортым и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым. Абы кьыхигъэщхьэхукIащ апхуэдэ маршрутхэм тету щIыхуэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжмкIэ заказэхэр КъБР-м Транспортымкли и министерствэм кьыдэзрыбгъэдэкIыр. Абы кьыхэкIыу, министерствэм и кьалэнщIуэхутхьэбзэхэм я фIагъым, маршрутхэмрэ транспортыр щызекIуэ зэманымрэ кьыдэрезэгъым зэпымыууэ кIэлъыплъыну. Ауэ вокзалхэм куэдрэ уащрохьэлIэ республикэм и маршрутхэм тету Iуэхутхьэбзэхэр зэфIегъэкIыным теухуауэ зрамыщIылIэхэм. Мэремыкьуэ Сэфарбий кьыхилъхьащ транспортыр хабзэм кьемыдзыгъуу кьэдзыгъэсэбэпхэм автовокзалхэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм папщIэ кьулыкьуущIэхэмрэ организацэхэмрэ яхь жэуапыр зыгъэбелджылы зэхъуэжкIыныгъэхэр КъБР-м Административнэ кьуанщагъэхэмкIэ и кодексым и 5.53 статьям халъхьэну.

ЗэIущIэм депутатхэм апхуэдэу унафэ кьыщащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылыр тыным теухуауэ. Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэхтым папщIэ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и органым и наградэ нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ Налшык кьалэм и щIыналъэ организацэм зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэм ядэлэжьэныжмкIэ и кьудамэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Кьармэ Маргаритэ, Александровскэ станицэм и «Теремок» щкол-сабий садым и унафэщI Шумановэ Антонинэ сымэ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

Къэралитхум я мурадхэр

Вэсэмахуэ БРИКС-м и зэIущIэр Нью-Дели къыщызэIуахащ. Абы хэтщ Бразилием, Урысейм, Индием, Китаймрэ ЮАР-м я къэрал лIыщIхьэхэр.

Нобэ абы и саммитым щызэхэлъэнуц дунейпсо экономикэм зэпIэзэрыту зыужьыным и зэгухьныгъэм хилъэкIыхьыфыну Iуэхугъуэхэм, ар МВФ-м и программэхэм зэрыхьхьэфыну Iэмалхэм.

Дыгъуасэ вэсэмахуи саммитым и лэжьыгъэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий. Ар зыхэплъа Iуэхугъуэхэм ящыщщ экономикэм и гугъуехь абрагъуэхэр, дунейпсо кризисыр зэтеГъэувыIэным, Сириемрэ Иранымрэ зэрыт щIыкIэ хьэлъэм кьыхэщыным пыщIахэр.

ЗэIущIэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ дунейпсо финанс ухуэкIэщIэ къэгъуэтыныр, МВФ-м къигъэсэбэп фондым БРИКС-м хилъхьэн хуей ахъшэр зыхуэдизыр, абы щIэну квотэр зыхуэдэр убзыхуныр.

Президентым пеубыд

США-м и Конгрессым лIыкIуэхэмкIэ и палатэм и унафэщI Боигр Джон я президент Обамэ Барак къIийуэ щиубыдащ ПРО-м теухуауэ Урысейм щепсальэкIэ, жиIэм хуэсакъыну.

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, тхьэмахуэ кIуам Сеул щызэIущIат УФ-мрэ США-мрэ я президентхэу Медведев Дмитрийрэ Обамэ Баракрэ. ЗэIущIэ нэужьым абыхэм зэрыжаIамкIэ, ПРО-р Европэм щыгъэувыным и Iуэхукъ зэгурыIуэну гугъэ уэзыгъэщI щхьэусыгъуэщ мы гъэм а къэралитIми президент зэрыщыхахыр. Ауэ журналистхэм къыхэрахутамкIэ, Обамэ Барак Медведевым еплъыIуащ Америкэм президент хэхыныгъэхэр щызэфIэкIыху ПРО-м и Iуэхуэхэр кьимыIэтыну, а хэхыныгъэхэм езыр щытекIуэмэ, нэхъ зэгурыIуэгъуафIэ зэрыхъунам жуаь итыну.

Аращ Боигр Джон игу иримыхьари. Абы и президентым игу кьегъэкIыж «Конгрессым гурымыIауэ Урысейм зы Iуэхугъуэкли худичыхыну зэрыхуимытыр».

Хьэршым еутIыпщ

КНДР-м гъэсыныпхъэ ткIуэткIуэр иригъэхъуэн щIидзащ ЩIым и ГъэщIэ спутникыр («Кванменсон-3») хьэршым дзыхьеин хуей «Вихка-3» ракетэм.

Ар хьэршым ягутIыпщыну я гугъэщ мэлыжьыхьым и 12-м е 13-м, я кьэралыр кьыззыгъэпэща Ким Ир Сен кьызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирагъэхьэIэу.

Ракетэр зэрылъэтэнум хуэхъэзыру щагъэуващ Чхольсон уездым щыIэ космодромым. Ар хьэршым зэрауТIыпщ щIыкIэм кIэлъыплъыну гукъыдэж зиIэ IэщIагъэхIэмрэ журналистхэмрэ КНДР-м и властым иригъэблэгъащ.

«Кванменсон-3» ЇрыщI спутникыр КНДР-м къигъэсэбэныкуп и щIыналъэм щIы щIагъым щIэлъу щыIэ хьэгъуэфIегъуэхэр зыхуэдэр кьиппщытэн папщIэ, дунейм и къэхъукъащIэ щынагъуэхэр кьыщыхьэнкIэ хьуну пIалъэхэр къэхутэнми ар тригъэлжьэнущ. КъищынэмыщIауэ, спутникым махуэ кьэс кьытынуц дуней щыткIэр зыхуэдэнум теухуа хьыбархэр. Ар сэбэп хьэнущ мэкьумэш IэнатIэм зегъэужьыныжмкIэ.

Килограмми 100 зи хьэпагъ аппаратыр километр 500-кIэ яIэтынурэ, орбитэм илъэситIкIэ щыIэжьэн хуэдэу ираутIыпщхьэнущ.

НОБЭ

t 1867 гъэм Урыс пащтыхыым Аляскэр США-м иригащ.

t ЩIыр хъумэным и махуэщ

t Урысейм и вулканологым и махуэщ

t Илъэси 170-рэ и пэкIэ США-м и дохутыр Лонг Крауфорд (1815 - 1878) япэу эфир кьигъэсэбэпащ, сымаджэр кьигъэмэхьу операцэ ищIын папщIэ. 1933 гъэм щыщIэдзауэ ар Америкэм щагъэльапIэ дохутырхэм я махуэу.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык уэфIу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 15-м нэс, жэщым градуси 2 - 7 щIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 50-м, къухьэжнущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 30-м.

Хьэуам и псыIагъыр процент 48 - 83-м къитIэсэнущ.

Щытепсэр зыгъэзыгъэр **ГЪУЩIО Зариф.**

Щэхухэмрэ телъыджэхэмрэ я лъахэм

●ТхылъыщIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIыну щIидзащ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм ятеухуа тхылъхэр. И тепльэкIэ адрейхэм къащхьэщыкI (писыгъуэ кIыхьыр) и тхыгъэхэр пльыфитIкIэ тедза, сурэтхэр щхьэкIэплъыкIэ дахэ, зи жинтым целлофан тебза (дизайныр зейр Щоджэн Жаннэщ) лэжьыгъэхэм уэлIэпищэу тепльэ гъэщIэгъуэн яIэщ. Абы хьыбар гъэщIэгъуэнхэр итщ, сурэт куэд ящIыгъуу.

2011 ГЪЭМ и кIэм дунейм кьытехьащ тхылъхэм я япэ кьыдэкIыгъуэр - «Лермонтов на Кавказских Минеральных Водах» зыфIащар. Тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэу Мариерэ Викторрэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ ягъэхьэзыра «За тайнами и чудесами» лэжьыгъэр иджыблагъэ къыдэкIащ. Ди лъахэм зыщыпплъыхьыным укьыхуриджэ кьудейкъым тхылъым, Кавказым и налкъутналмэсу, дунейпсо социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тхьэкьуахьуэ Мурат.

ЩIыналъэу ялъытэ республикэр и дахагъэ псомкIи уи нэгу къыщIэзыгъэувэщ.

Абы къыщыхьащ налмэсу лыд кьурш щхьэщыгу папщIэхэр, уэх бгъуэз нанэжьашэхэр, дыгъэ нэбзийхэм дэпщIыпщI псыкъелъэхэр, гуэл лъащIэнщэхэр, мывэ жыг хадэхэр, бгъуэнщIагъ телъыджэхэр, ильэс мин бжыгъэ хъуауэ цIыхухэр щыпсэу щIыналъэм къыщыхьу нэгъэущI Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэри. Ныбжьыщхъуэ зиIэ фэеплъхэмрэ щIыщIагъ псэуалъэхэмрэ къыпхуэзIуахынущ щэху Iэджэ, телъыджэхэм улъагъэIэсынущ.

Къэхутэныгъэхэм ящыщ куэд есы Мариерэ Викторрэ къыхэрызэIуахам абыхэм зэрытепсэлъыхьыр щIэщыгъуэ, гуапэ щIащ. Тхылъым ит сурэтхэр тезыхар Щоджэн Жаннэщ. «За тайнами и чудесами» лэжьыгъэр зыIэрыхьэм абы ит щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъагъуну зэрыхуеинум шэч хэлъкъым.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬЭ зэрыгъэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралжьым е ялжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

✪ Ди къуэш республикэхэм

Автомашинэхэр зэтримыхьэу

АБХЪАЗ. ***Сочэ кьалэм, куржы-урысей гъунапкъэм деж, кьыщызэуахащ «Адлер» автомобиль зэблэкIыпIэ Iэнатlэщlэ.***

АБЫ зэпищIэнущ Урысейм и Краснодар краймрэ Абхъаз щIыналъэмрэ. Апхуэдэуи гъэмахуэм автомашинэ куэд щызэтрихьэ лъэмыжьыжьым щызекIуэныр нэхъ псынщIагъуэ ищIынущ. Пунктыщ Iэм паспорт кьэпщытэныгъэхэр щIыху 25-м щызэфIахынущ.

Ныкъуэдыкъуэхэм щхьэкIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэ реабилитацэ центрым ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ социальнэ-лэжьыгъэ кьудамэ кьыщызэIуахащ. Ар ныкъуэдыкъуэхэм я гущIэ дэхуэну лэжьыгъэ нэхъ псынщIэхэм кьежьэIэнымкIэ, гъащIэм хэзэгъэнымкIэ щIэгъэкъуэн хъунущ.***

РЕСПУБЛИКЭ программэм инкь иткIэ, кьыззэрегъэпэща, мыхьэнэншхуэ зиIэ Iуэхущапи Iэр кьыщызэIуахым хэтащ республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тхьэкьуахьуэ Мурат.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Шынагъуэншагъэр псом ящхьэщ

Жамборэ Наурбий ди республикэм пщIэ щызIэ щыхуш. Абы хабззхьумэ IэнатIэм ильэс 35-рэ иритащ, къэрал кIуэцIыуэхуэхэмкIэ органхэм зэрыхэтын хуэй пIалъэр кьыщысым, полицэм и полковникыкъ Хьэжбий кIыжащ. И лэжьыгъэм сержант нэхъыжьу пльыр-пост взводым милицонеру щыщIдзащ, къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и япэ къуэдзэу и кулыкъыр нухащ.

Жамборэ Наурбий

УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкIуэу Кавказ Къушхэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александррэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхэ Къаноковуэ Арсенрэ я жэрдэмкIэ, Экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэмкIэ федеральнэ IуэхущапIэм щыналъхэм эзэдай я кьудамэм и унафэщым и кьудзэу ягъэуващ.

- Наурбий, IэнатIэщIэм уэрыкIуэрэ дэкIа мазихым Iэджэм ухунэсхи хуей хьуагъэнщ. Сыщымыуцэмэ, нэхъыпэм уэлъэрытар кьэрал гражданкъулыкъым зыгуэрхэмкIэ кьыщхьэщокI.

- Ар пэжщ, зэщхьщыкIыныгъэхэр хэлъщ, ауэ лэжьыгъэр унэтIыным гугъу сыдекъыкым. Кьэрал кIуэцI органхэм сыщыхэтам си кьалэнар жылагъуэ щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынырт. Иджыпстуи си пщэрылъыр промышленнэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм цыхуэхэм я щынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщынырт. Цыхуэхэм я кьалэнхэрэ, зэфIигъэкIэжьыгъэхэрэ, абыхъм кьызэщIыбыдэхэрэ щхьэхуэщ. Урысейм Техникэ кIэлъыплъныгъэмкIэ и кулыкъущапIэм КИРЩI-м и щIыпIэ псоми, Мэзкууи, Чукотко автономнэ округми, къэралым и промышленнэ кьалэщхуэхэми лэжьыгъэ пыухыкIа щрегъэкIуэжкI.

- Фи IэнатIэм и кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ хэхэуэ фызыхуитхэмрэ сыт хуэдэ?

- Ди кьудамэм щынагъуэ зыпылъ объектхэр республикэм и щынальэм щызыщынагъэсэбэн организацэ, предприятэ эмылIуэужьыгъуэу 940-м промышленнэ щынагъуэншагъэр кьызэрыщызэрагъэпэщыр кьепщытэ, электростанцэм, ток кIуэпIэхэм, гидротехникэ ухуэныгъэхэм, хуэбэ кьэзыт Iэмэпсымэхэм кIэлъопль. Ди управленэм иIэщ кIэлъыплъныгъэ, хуитэ зыщI лэжьыгъэхэр зыунэтI, лицензэ щащI, юридическэ чэнджэщхэр щагъуэт кьудамэхэр.

- Наурбий, «федеральнэ кьулыкъущапIэ» гурыIуэгъуэр куэдым натIэрыуапIэ Iуэхуэхэм ирапх. Абы теухуауэ сыт кьыжеIэн?

- Пэжу гу лыптащ. Апхуэдэу жызыIэр щыху кьызэрыгуэкIэм я закъуэкьым, атIэ ди IуэхущапIэм кьэпщытэныгъэ-кIэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэхэр щригъэжIуэкI кьэрал, коммерцэ IэнатIэхэм я унафэщI, менеджер щхьэхуэхэмкI дзэ ящыдолажьу. Кьызэгъэщыну сыхуейт шынагъуэ зыпылъ объектхэр кьызэрагъэсэбэн хабззкэр егъэзэмкIэ кьызэрыкIыжьуэм армнистративнэ тезырхэр ятрилъхь я мыхьумэ, нэгъуэщI кьалэн гуэр республикэм и щынальэм управленэм зэрыщимычъэзэщIэр. Ди пщэрылъ нэхъыщхьэр технологие, экологие шынагъуэншагъэр кьызэрызэрагъэпэщыр тэмэму профилактикэ щыныщI. ЗэрыпщIэщи, зи гугъу сщIыр шынагъуэ зыпылъ производственнэ объектхэр, кьагъауэ веществохэр, газ щхьухьэхэр кьыщагъэсэбэпкIэ я1щIэкI щыуагъэ щхьэхуэхуэрщ. Ди кьэпщытэныгъэ-кIэлъыплъныгъэр зытещыхьаар аварие-хэр нэхъ мащIэ щынырщ, ахэр кьэмыгъэхьунырщ, ардыдэмкIи МЧС-м, медицинэ IуэхущапIэхэм, уеблэмэ, следствиемкIэ органхэмрэ прокуратурэмрэ я лэжьыгъэр щыуагъэпсынщIэныщ. Цыхуэхэр, IэнатIэ унафэщIэхэр щыхуей дыдэм ди дэж кьэпсалъэ хьунущ.

- Дзыхь зрагъэз фи телефон номерыр газетеджэхэм ягу кьэбгъэкIыжкамэ арат.

- Щэбэтри тхъэмахуэ махуэри хэту, пщэдджьыжьым сыхьэти 9-м и ныкъуэм кьыщыщIадзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30 пщIондэ 91-99-33 телефонымкIэ тхъэмахуэ псом и кIуэцIкIэ кьэпсалъэ хьунущ.

- СызэрыщыгъаэмкIэ, дыкъэзыкуренхь дунейр зэрауцэпIыр гъэмэщIэным, къэрал экологие экспертизэ егъэкIуэкIыным пыща Iуэхуэхэр Щыуэпсыр къэгъэсэбэпныкъмкIэ федеральнэ кьулыкъущапIэм ираташ. Абы фи кьэпщытэныгъэ-кIэлъыплъныгъэ лэжьыгъэхэр зэтриигъэхуэнукъэ?

- Хьэуэ. Щхьэ езым и кьалэн нэхъаш, «Ростехнадзор»-м и пщэрылъыр щIым щIэлъ хуугъуэфIыгъуэхэр кьыщIэхыным, промышленностыр зыхуей кьагъауэ веществохэр гъэхъэзырыным, хьумэным, кьэгъэсэбэпныным пыща лэжьыгъэхэр щынагъуэншэу кьызэгъэпэщынырщ, кьэуэнкIэ, мафIэ кьэзышэнкIэ хьунущ веществохэр, газ щхьухьэхэр кьыщагъэсэбэпкIэ, щагъэIэпхъуэкIэ, щахьымэкIэ, абыхэм щелэжькIэ промышленнэ щынагъуэншагъэм кьигъэувэхэр гъэзэщIэнырщ.

- Дагъэ гъэсынпхъэ игъэхуапIэхэр, щыщагъэ, бензин, фэтыщжэн хьумапIэхэр абыхэм ящыщу кьэпльытэ хьунущ?

- Ахэри, газ игъэхъуапIэ станцэхэм я кьезбжэмкIэм хохьэ. Дыз эрыщыгъуаэзщи, дагъэ гъэсынпхъэхэр, газ ткIуаткIуэр, щыуэпс газыр кьауэхэм, мафIэс кьэзышэхэм ящыщщ. Щхьэхъ кьызыхэкI вещественхэм, газ кьауэхэми, хлорым, аммиакым, нэгъуэщIхэми апхуэдэ шынагъуэ япылъщ.

- Наурбий, АЗС-хэм я нэхъыбэр иджыпсту коммерцэ Iуэхущапи Iэхэм унейуэ яIыгъщ. Промышленностымрэ хуэныгъэмрэ я IэнатIэхэмкIэ щытыкIэр щыапхуэдэщ. Уней мыпхуэр хабззкIэ къэралым зэррихьумэр я тегъэщIапIэу, абыхъм я унафэщI щхьэхуэхэм къэпщытакIуэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм я лIыкIуэхэм зэрыпыуадзым щхэу хэлъхьым.

- Ди кьэлэн нэхъыщхьэхэмрэ хэхэуэ дызыхуитхэмрэ законодательствэм Iупщу щыгъэзбеджкIыж. Абы кьыхэкIыу, ябгъэдэль мыпхьур зыхуэдэм ещанэ ныбжьыгъуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щынальэм щылажьэ цIыху щхьэхуэхэри, Iуэхущапи Iэхэри, кьанэ щымыIэу хабззм тетыпхъщ. Промышленнэ щынагъуэншагъэм кьызгъуэкIэр зымыгъэзащIэм жэуап ирагъэхь - кьуэдыуэ ахьшэжуэ тралъхьэ е IэнатIэр жэщ-махуэ 90-м нэскIэ кьызэтрагъэувыIэ. Лицензэ зимыIэ, технологием кьеемыгъэтэ, щынагъуэ зыпылъ Iэмэпсымэхэр кьеЫутхыну, унафэщI жьы-Iэмыдыдэр илъэсищ пIалъэкIэ и кулыкъым IугъэкIын зэрыхуейм текуха жэрдэм кьыхэтлъхьэну жэкIэм хуит дещI.

- Щынагъуэ зыпылъ IэнатIэ зезыхьэхэм сыт хуэдэ чэнджэщ щхьэпэкIэ захуэбгъэзэнт?

- Апхуэдэ объектым пыщIэныгъэ хузиIэ лэжьакIуэ псорэ илъэсым и кIуэцIкIэ зэ мынэхь мащIэ ятестагъэ ящым хуейуэ законым кьегъэув, предприятэм и унафэщхэмрэ IэщагъэлIэмрэ Iуэхуэм зэрыхащыкIыр ди щыналъ кьудамэм и аттестацэ комиссэм илъэсищ кьэс зэ кьепщытэ. Мис а хабззм тетыну чэнджэщ язот.

- Ящжы абы хуэзэри дапщэ?

- Псори пщIэнш щI. Япэдубыдыр зыщ - я Iэщагъэм кууэ хащыкIым зэрыхуеIрщ. Аттестацэ зимыIэхэм, ар щегъэкIуэжIыпхъэ пIалъэм фIэзыгъэкIэм административнэ жэуап ткIий кьаполлъэ. Аварие е фэбжь хьэлъэ кьызыхэкI нэщIэбжь кьэхъу хуэжыкIуэрэ, абыкIэ кьуанщэхэр зэгъэловауэ Iуэху ящынымуэ Iуэуа щыIэкым. Страховкэ езымыгъэтхауэ щынагъуэ зыпылъ предприятэ зыгъэлэжьэ унафэщIхэм, федеральнэ законыщIэм зэрыщыубзыхуам тетуу, я1лъжьхьыхьым и 1-м кьыщыщIэдзауэ сом мин 15-20-кIэ, Iуэхущапи Iэхэм мин 300-м щегъэжьауэ мин 500-м нэскIэ йотхьэкъу. Цыхуэхэм я щынагъуэншагъэр псом ящхьэу зэрыщыгъэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым.

Епсэлъар **БЭРБЭЧ Борисщ.**
Сурэтыр **ЕлЬКЪЭН Артур** *ейщ.*

Абей Iэсиятрэ Мэз Каринэрэ.

«Дыщэ утыкум» итхэр

● Фестиваль

Мы махуэхэм ди республикэм и Iуащхьэмахуэ льапIэ щокIуэкI тырку лъэпкъхэм я дунейсо «Алтын майдан - Эльбрус» IуэрыIуатэ фестивальр.

ЗЭХЫХЬЭМ и пэщIэдзэр IуатхэпIэм и 26-м Терскол дэт «Чегет» хьэщIэщым щекIуэкIащ.

Турбаазэм и япэ кьатыр Якутием, Кьалмыкым, Чувашием, Къэрэшей-Щэрдэсым, Дагъыстаным, Кьыргызым, нэгъуэщI щIыналъэхэми кьыкIа гупхэм я хэщIапIэт. Мыбдежым хьэщIэхэмрэ бысымэрэ я гупсысэкIэ щызэдгъуашэрт, сурэт щызытрагъэхырт.

«Алтын майдан» («Дыщэ утыку») фестивальм и япэ зэхьыкъэ 2010 гъэм Iуащхьэмахуэ льапэ щекIуэкIащ. Абы щыгъуэ щIыхь 400-м щIигъу зэхуэсат. Мы гъэм а бжьыгъэр тIэкIу нэхъ мащIэми, фестивальм и кьыгъэзэпэщакIуэхэр мэгугъэ мыбы хуэдэ зэхуэсхэр ильэс кьэсщIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэкIуэкIыну.

Iуэхурэ жэрдэм икIи ар зи унафэм щIэту кьызэрагъэпэщ Гадельщинэ Гамирэ зэрыжиIэмкIэ, мыгъэрей зэхьхьэм зэхуеIэж ди кьэралым и щIыналъэ 12-м кьыкIа щыху 300-м нэс. Езы «Алтын майдан» проектыр кьезыхэжьаxэм нэмыщI, фестивальм и кьызэгъэпэщакIуэщ Iуащхьэмахуэ куей администрацэр, кьэрэшей-балькъэр щIалэгъуалэм я «Эльбрусоид» жьыгъуэ фондыр, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр.

Махуэ зыбжанэкIэ екIуэкIыну зэхуэсым зэхьэзэхуэ зэмылIужьыгъуэхэр кьыщызэрагъэпэщынущ. Абы кьызэщIеубыдэ кьафэмкIэ, уэрэдымкIэ, IуэрыIуатэмкIэ, фащэ дынымкIэ Iэпэ-Iэсагъэ кьэзыгъэлъагъуэхэм я зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэри. Псалъэм папщIэ, нужьрейхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым гъуэзджэхэмкIэ и кьудамэм академическэ сурэт щIыкIэмкIэ щезыгъаджэ Абей Iэсият здиша адыгэ фащэхэр фестивальм зэрыщагъэлъэгъэнур. Ахэр кьэзыгупсысари, зи Iэпэ кьыныкIари Iэсият и гъэсэн, зи гугъу тщIа кьудамэм щеджэ Шырыт Ириндж.

Пщыхьэщхьэм «Чегет» хьэщIэщым концерт щатащ хьэщIэхэмрэ бысымэхэмрэ. Ар кьызэIуихащ Болгарием щыщ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, «Алтын майдан» фестивальм щекIуэкIыну зэпеуэхэр кьэзыщIыпэнчэ зэрыщыгъуэ я унафэщI Киров Бисер. Кьызэгъэсахэм защыхуигъазэм, абы мыпхуэдэу жиIащ:

- Мы Iуэхугъуэм кьрихьэлIа псоми сынывохьэхьу! Цыхуэм зиужьыныкIэ IуэрыIуатэм мыхьэнэуэ иIэр пхужьIэнкъым. Ар Iущыгъэщ, дахагъэщ, псэм и кьабзагъэщ, лъэпкъым и гъуджэщ, мамырыгъэм кьыхуэзыджэщ!

Концертыр екIуэ кьызэгъэпэща хьуащ. Ар ящIащ Киров Бисер игъэзэщIа Дызэбгъэзэныбжьхэгъу уэрэдымкIэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Асльэн** *ейщ.*

Киров Бисер щIалэгъуалэм яхэтщ.

● Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкI махуэр ягъэлъапIэ

Адыгэхэм я ильэсыщIэ

Налшык къалэ дэт школ №32-м Iуэхыжь Борис и цIэр зэрихьэу щыIэ «ДжэуакIуэУ» литературэ театрым и гъэсэнхэм концерт гъэщIэгъуэн ягъэлъэгъуащ, Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкIым техуахуэ.

ЗЭХЫХЬЭР езыгъэкIуэкIар 7-нэ классым щеджэ Бырмамыт Данизэщ. Абы кьызэрыхигъэщамкIэ, Сабий творчествэмкIэ республикэ уэнэм и жэрдэмкIэ, 5-10-нэ классхэм щеджэхэр утыку итыкIэм, псэлъэкIэ-эзыIыгъыкIэм, актерскэ Iэзагъэм и щхэхуэм щызыгъаIэсэ кружок 2003 гъэм кьызэIуахащ. Абы екIуалIэ ныбжьыщIэхэм я бжьыгъэм ильэс кьэхэ зэкIэ зэпыт. Гупым зиужьырэ, 2006 гъэм театр студие хьуащ. Адыгэ, урыс литературэхэм я классикэхэм, нобэрей тхакIуэхэм, драматургхэм, сабий тхакIуэхэм я Iэдакъэщэкlхэм абы гулъытэ лей щыхуащ, псом хуэмыдэу Iутlык Борис и тхыгъэхэм. 2008 гъэм щыщIэдзауэ курыт еджапIэ №32-м щылажьэ студием УФ-м щхьэкабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI Iутlык Борис и цIэр зэрехьэ.

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэмрэ школ №32-мрэ зэрызэгурыIуам тету, еджапIэм и унафэщIым театрыр лэжьхэм щхьэкIэ зыхуеинужьэмкIэ кьызэрыгъэпэщащ.

Iутlык Борис и Iэдакъэщэкlхэ «Нартхэ я дыгъэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым и япэ Iыхьэр зэхъыхьэм удиныхьлъу щагъэлъэгъуащ литературэ театрым и гъэсэнхэу Хьэхъуоныуэ Миланэ, Джьназ Асльэн, Ныр Астемыр, Iуп Ислъам, Сэбаншы Залинэ, СрыкIуэ Астемыр, Сокъур Астемыр, Кьардэн Руслан сымэ, нэгъуэщIхэми.

Адэкlэ Iуп Лаурэрэ КIэмыргуей Русланрэ Чуковскэм и «Тараканищехтыгъэм кьеджащ, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Кулиев Кьаисым итха «Хьуэхъур» Къэгъэзэж Ислъам житIащ.

Адыгэ усыгъэм и классик Щоджэнцыкlу Алий итха «Къамботрэ Iащэрэ» романым щыщ пычыгъуэхэм кьеджащ Iуп Ислъам, Сэбаншы Залинэ, Кьардэн Руслан, Джьназ Алан, Iуп Iаурэ, Хьэнщlэ Эльмирэ, КIэмыргуей Руслан, Iуп Iэдэм сымэ. Театрым и гъэсэнхэр адэкlэ кьеджахэщ Лермонтов Михаил и «Беглец» тхыгъэм. Фащэкlэ екIуу кьызэгъэпэща ныбжьыщIэхэр я роль хьарзынэу пэлъащэуэ кьыдоIыгъэ.

Бырмамыт Данизэ Кьэшэж Иннэ и «Кьеблагъэ» усэм кьеджа нэужь, адыгэхэм ижь-ижьыж Iыдэдрэ ильэсыщIэр гъатхэпэм и 22-м ягъэлъапIэу зэрыщытар кьаныгъэр, Iутlык Борис и Iыгъэр зэрызэхагъэкI Iэпщэзэпекъу, Iэпщэрыбанэ зэпеуэхэр ягъэлъэгъуащ, ЩIалэхэр зэрытемыгъакIуэу зэпеуащ адыгэ псалъжьхэмрэ псалъэ щэрыуэхэмкIэ, хьыдджэбзхэр - псынщIэрыпсалъэхэмкIэ. Утыкум джэгу дахэ щаублэри, «Си нанэ», «Си адыгэбзэ» уэрэдхэр жаIащ, кьэфахэщ. «МафIащхьэджэд» тхьэпъэлъэр хьуэхъу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ,

● ДифI догъэлъапIэ

Апхуэдэщ Даурбэч

Акьбащ Ипщэ кьуажэм кьыщальхуа, Гэрч кьалэм щыпсэу Кьудей Даурбэч и ныбжьым хуумыгъэфэщэну жыдэрэщ, и пщIэмрэ и нэмысымрэ езым и акьылкIэ, и Iуэхущафэ дахэкIэ кьилэжьыжауэ, дъэ бгыдэкIэ гъащIэм хэтщ. КьигъэщIа ильэс 75-м зэкIуибыдэу дэтэзеингъуэ, егъэзыхыгъуэ куэдым хуэзащ, уеблэмэ, щыхупIэ бзаджэм щыIууащ щыIэщ.


Кьудей Даурбэч

ДУНЕЙ псор бэлыхь мыуэхьжьым хэзыдза Хэку зауэшхуэр кьыщыхъеям, я адэ Хьэжагуэ дзэм кIуащ, и щхьэгъуэ Хьулимэт сабинщ кьыхуигъанэрэ. Адрейхэми хуэдэу, мы унагъуэми гугъуэхь куэд игъэващ. «Зыхуэвгъэшэч, си бын дыгъэхэ, псори дэ тхуэдэщ. Бийр зэхакьутэу фи адэм кьигъэзэжмэ, тIуэтэжынщ», - яжриIэуэрэ, гугъэ дахэм щIипыкIыкIэрт.

Хьэжпагуэ дзэм кьыщыхэкIыжащ 1947 гъэрц. Коммунистт, хахуэу зэрызэуам и щыхьэту, орденхэмрэ медалхэмрэ и бгъэр ягъэщIэращэрт. Зыхьыхьэжа унагъуэм дуней гуфIэгъуэр яIэт, апхуэдизэ зэманкIэ зыхэта гугъуехьхэр зэуэ текIуэтауэ я кьащыхьэрт. Хьэжпагуэ и япэ щхьэгъуэсэр гъащIэ мащIэт. Абы кьыхуигъэна Хьэбалэ щалэ цIыкIур, Хьулимэт дигьуэта Даурбэч, Юрэ сымэ зэкъуэту кьэкIуэрт. Мыбдеж Ипщэ кьыщыщIэрагъэпэщащ колхозэгтIым я зым Хьэжпагуэ и тхъэмадэти, унагъуэр кьыщыхэщтыкIын щымыIэу кьыпфIэщыIрт. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым - и бынхэр кьызэхинэри, зи щхьэр кьулыкъым игъэунэза щыхуэмыгъэ нэгъуэщI псэуэгъу ищIащ.

- Абдеж щегъэжьауэ адэншэу дыкьанэри, ди анэм дыкьиIэтащ. Ди фэм дэмыкIар уKIуэзыжьк. «Ди унагъуэм щхий илъкым, кьыддэIэпэныкъу», - жысIэу колхоз унафэщIу лажьэ ди адэм сыщелъэIуэхэм деж, маэзм е мазитIым хьэжьгъэ пут кьыдитынкIэ хьунт. Ди шхэгъуэт, зыкьэужьыгъуэт. Сытхэр ди Iэмалт! Мэжэщлагъэм дрихуIэу щхьэмыжкIыпэ дыдэмэ, экъэпэхьумэхэм щIопщкIэ дыкьрахужьэжьыт, - игу кьегъэкIыж Кьудей Даурбэч и сабинщ.

Мис а гугъуехьэр кьызэринэкIыу ежьащ. 1956 гъэм класси 8-р кьнухэри, дзэм кIуащ икIи Тенджьз флотым и авиацэм илъэсI 3-кIэ кьулыкъу щищащ. Зыхэт частым и командирым кьыдиIыгъри, компартым кандидату зыхьащ. Кьигъэзэжри Орджоникидзе дэт мэхъуэмэш техникымкIи щэтIысхьащ.

Унагъуэ кьалэнхэри и пщэм дэлъти, лажьэуэрэ еджэну мурад ищIащ. Колхозым кьышащхьыр мащIэт. Ар кьиIыгъэри, я кьуажэм щыIэ щIэп заводым уващ. Щалэ жьыджэрт, жьыIэдаIуэри, жэуапIыныгъэ зыпылъ Iуэхуэхэр дзыхь кьыхуащIырт икIи апхуэ дагъуэншэу игъэзащIэрт.

Кандидату зэрыщытын хуей пIалъэр ныха нэужь, партым хагъэхьэну кьагъэльэгъуэхэм яхэту райкомым и бюром и зэIущIэм яшащ.

- Апхуэдэхэм дежэ зэрыхабззу, щIэп заводым и парткомым и секретарым утыкум сришащ. Си шыфэлIыкIэм, си зэфIэкIым кьызэхэсахэр хигъэгъэзащ, кьысщытхъащ. Сэ стеухуауэ я абы жиIэжэм зыгуэрым щэч кьытрихьэну си гущхьэмэ кьыхэхъэсым, Ауэ дэнэт! Колхозым сыкьащымынэу, заводым кьызэрыкIуар кьызэIуэжьыу хуежьащ. Псом я1пэу сызыгъэжьаунщэр партым и райкомым и я1пэ секретарыр. Iуэхур зытесщIыхьар яхуэсIуэтащ - сызэхахакъым. Апхуэдэ щыкIэкIэ «нобэ щыщIэдзауэ сыкоммунист нэсщ» жысIэу сыгушхуэу сыщIежьар кьызэпаудауэ щытащ, - пещэ и гукъэжьюхэм Кьудейм. - ИгъащIэкIэ сызэпIэмыпIуа гугъуехьхэр кьыщызэхэзыхуам абы и укьыдэщ. Щэп заводым и тхъэмадэм сриджэри, сыIупгъэкIыкьыну унафэ кьызэрыхуащIар кьызжиIащ. Си Iуэхур хэпльэгъуэт. Унагъуэм зытезмыгъэжьхьэлъэу сызлажьэу едджэну сщIа мурадыр, колхозым сызэрызэмытым щхьэкIэ, партым и райкомым кьызэпиудырт. Дзэм згъэзэжьыфынут, ауэ си анэ тхъэмащIэр губгъуэм дауэ кьынэнэт! Кьысхуэнэжьыр арати, комбайнерым и Iэпкьыдэуэгъуэу сыкIуащ.

Абы зэрыщыIэжьа ильэситIым едджэным пищэну Даурбэч Iэмал игъуэтакъым. Адэкlэ апхуэдэу екIуэкI зэрымыхьунур фIыуэ кьызыгурыIуа щалэм кьуажэм дэкIыну мурад ищIащ. Колхозым и тхъэмадэ Ахэмын Юрэ кьыдэIэпыкъуащ, Нарткъалэ Iэпхъуэрт, ацетон заводым уващ.

Хуэм-хуэмурэ я1уэхур зэтеуащ. Цыхуэ жьащэрт, лэжьыгъэм хуэIэнкьт, сыт и лъэныкъуэкIи щапхьэти, партым хагъэхьащ. Iэнатlэм зэрыпэрытым хуэдэу, Нальшык политехникэ техникумыр кьнуащ. А зэманым Акъбащ ГЭС-р Iэщащэлlэ Iэзэхэм хуабжьу хуэныкъуэтэ, абы монтеру ирагъэблагъэщ. И эзфIэкIыр кьалъытэрэ, инженер нэхъыщхьэу ягъэуващ, куэд дэмыкIыу ГЭС-м и унафэщI хьуащ. Ар щыIэ я кьалэныр щIыхь пылъу ирихьэкIащ. «Лъыхъуэм кьетуэтэ - жаIэкъэ. Iэнатlэр езыгъэфIакIуэ IуэхущIэу Даурбэч кьыхилъхьар, езым и Iэкlэ игъэунэхуар куэд мэхъу. Iэджэм хэзагъэт, турбинэ, гидромеханикэ Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыкьным, зэтеухуэным хуэIэзэт.

Акъбащ ГЭС-м и лъэщагъэм хэгъэхъуэным кьаруущхьэрэ щIалэ. «Тэрч райуэм и электросетхэр» Iуэхущапlэм и унафэщI щагъэжьауам и зэфIэкI еблэжакъым - куэйм и жьлагъуэхэр, мэкьумэш хозяйствэхэр, предприятэхэр токlкlэ кьызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Кьудейр здагъакIуэр щытыкIэр щызэкlэлъымыкIуэ Iэнатlэхэрт. ГъащIэм хьыхь щIалэгъуалэр ягъэщIэжьэн, Iуэхум хуэгъэзэн, тегъэгушхуэн зэрыхуейр зыщигъэгъупщащкъым.

ЦIыхум я гум гуфIэ кьынэжьар ар кьыигурыIуэу, и гъащIэр абы тегъэпсыхьауэ кьэгъэгурыкIуэрэ. Илъэсибл и пэкlэ пенсэм тIысыжа Даурбэч ноби дальагъур щэныфIагъэщ, акьылыфIагъэщ, цIыху нэсым, пэжым и щапхъэщ. Ар кьызыхэкIа лъэпкъыми кьыддальхуахэми яхуэгурыащIэщ. Лэжьыгъэшхуэ кьезыхьэлIа Даурбэч унагъуэ дахэм и тхъэмадэщ. И щхьэгъуэсэ Майерэ абыр зэхьыджбзитIрэ зы щIалэрэ зэдапIащ, гъуэгу захуэ трагъэуващ. Я щIэблэм кьатепщIыкIыжахэр я нэмрэ я псэмрэ хуахьу, «цIыхур зэхъуапсэм хуэдэщ» жрагъэIэу зэдопсэу.

ХЬЭМТУ Кьадир.

Аргуэру хэщIыныгъэ

КъБР-м щыIэ МВД-м кьелъыхъуэ Бахъсэн куейм хьхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 24-м сыхьэт 21-м «Бахъсэн» МОВД-м и лэжьакIуэ, полицэм и лейтенант нэхъыжь Хьэжы Рустам и ВАЗ-2112 автомашинэм Iэщэкlэ ещ щIэпхьаджащIэхэр. Офицерыр кьытхуэ уIэгъэхэм кьелъакьым.

СЛЕДТВЭ гупыр мэлажьэ. УкIыгъэр кьыщыхъуэ щыIэпIэм кьыщагъэтащ мм 5,45-рэ хьу гильзэу 19, мм 7,62-рэ гильзэу 17.

УФ-м и Следственнэ комитетым Следствэмкlэ и Iуэхущапlэу КъБР-м щыIэм УФ-м и УК-м и статьэ зыбжанэм япкъ итклэ, уэгъонэ Iуэху кьиIэтащ.

«Бахъсэн» МОВД-м и Плъыр-пост кьулыкъум и батальон щхьэхуэм и унафэщIым и кьуздэ полицэм и лейтенант нэхъыжь Хьэжы Рустам Къэралбий и кьуэр 1983 гъэм кьалъхьащ. Кьулыкъым ар пэрыващ 2011 гъэм. Унагъэщ, сабиищ кьыщIэнащ.

Зи кьаруилъыгъуэу, Къэбэрдей-Балькъэрым мамырыгъэр щыкъымэнэ Iэщlагъэу кьызэхъыа, зи щIалэгъуэ офицеры хэкIуэдащ. Ар кьыщалъхуа кьуажэм щыщIалъхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкlэ и кьудамэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ

2012 гъэм мазаем и 7-м *№16-ПП*

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькур зэрызэрахьэм и Iуэхуэ кIэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум хиубыдэжьэ муниципальнэ мылькум зэрыкагъахьэ, муниципальнэ мылькум хиубыдэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум зэрыкагъахьэ щIыкIэм и Iуэхуэ кIэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 6-м кьыдэта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм кьыхилъхьар дэIыгъын икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум кьыхэгъэкIауэ Налшык къалэ округым и муниципальнэ мылькум щIэнпэу хэгъэхьэн пэшищ хьу фэтэрыр, метр зэбгъуэзнатIэ 106,1-рэ хьур, сом 2635200,0 баланс уасэу зиIэр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 2 «б», фэтэр 16 адресыр зиIэр.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ и министерство (Лыджьдэ Хь. П.) хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м кьыщыщIэлъэгъуа мылькур щыIэ хабззкэм тету муниципальнэ мылькум хэгъэхьэным пыща зыхуэфащэ цIыху-псэ щIэгъэкIыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Абрэдж I. Хь.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ГЕРТЕР Иван

Адыгэхэм я ильэсыщIэ

Налшык къалэ дэт школ №32-м Iуэхыжь Борис и цIэр зэрихьэу щыIэ «Джэуакlуэ» литературэ театрым и гъэсэнхэм концерт гъэщIэгъуэн ягъэлъэгъуащ, Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкIым техуахуэ.

ЗЭХЫХЬЭР езыгъэкIуэкIар 7-нэ классым щеджэ Бырмамыт Данизэщ. Абы кьызэрыхигъэщамкlэ, Сабий творчествэмкlэ республикэ унэм и жэрдэмкlэ, 5-10-нэ классхэм щеджэхэр утыку итыкIэм, псэлъэкIэ-эзыIыгъыкIэм, актерскэ Iэзагъэм и щхэхуэм щызыгъаIэсэ кружок 2003 гъэм кьызэIуахащ. Абы екIуалIэ ныбжьыщIэхэм я бжьыгъэм ильэс кьэхэ зэкIэ зэпыт. Гупым зиужьырэ, 2006 гъэм театр студие хьуащ. Адыгэ, урыс литературэхэм я классикэхэм, нобэрей тхакIуэхэм, драматургхэм, сабий тхакIуэхэм я Iэдакъэщэкlхэм абы гулъытэ лей щыхуащ, псом хуэмыдэу Iутlык Борис и тхыгъэхэм. 2008 гъэм щыщIэдзауэ курыт еджапIэ №32-м щылажьэ студием УФ-м щхьэкабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI Iутlык Борис и цIэр зэрехьэ.

Сабий творчествэмкlэ республикэ унэмрэ школ №32-мрэ зэрызэгурыIуам тету, еджапIэм и унафэщIым театрыр лэжьхэм щхьэкIэ зыхуеинужьэмкIэ кьызэрыгъэпэщащ.

Iутlык Борис и Iэдакъэщэкlхэ «Нартхэ я дыгъэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым и япэ Iыхьэр зэхъыхьэм удиныхьлъу щагъэлъэгъуащ литературэ театрым и гъэсэнхэу Хьэхъуоныуэ Миланэ, Джьназ Асльэн, Ныр Астемыр, Iуп Ислъам, Сэбаншы Залинэ, Срыкlуэ Астемыр, Сокъур Астемыр, Кьардэн Руслан сымэ, нэгъуэщIхэми.

Адэкlэ Iуп Лаурэрэ КIэмыргуей Русланрэ Чуковскэм и «Тараканищехтыгъэм кьеджащ, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Кулиев Кьаисым итха «Хьуэхъур» Къэгъэзэж Ислъам житIащ.

Адыгэ усыгъэм и классик Щоджэнцыкlу Алий итха «Къамботрэ Iащэрэ» романым щыщ пычыгъуэхэм кьеджащ Iу